

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللَّهِ وَبَرَكَاتُهُ
—

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى
أَشْرَفِ الْأُنْبِيَاءِ وَالْمُرْسَلِينَ ، نَبِيُّنَا وَحَبِيبُنَا مُحَمَّدٌ
وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ ، وَمَنْ تَبْعَثُمْ بِإِحْسَانٍ
إِلَى يَوْمِ الدِّينِ ، أَمَّا بَعْدُ

sesepuh

Ingkang kulo hormati poro alim, poro ulama,
poro sesepuh soho pini sepuh Dukuh Conge

kiai

فَضِلَّةُ الْمُحْتَرَمِينَ - Romo Kiai H. Idham Kholid,
S.H, M.H. sangking Kabupaten Demak

Kades

Ingkang kulo hormati - Bapak Kepala Desa
Ngembalrejo Kudus Bapak H. Zakaria, yang
senantiasa hadir wonten kegiatan Haul Mbah
Mursodo

Panitia

Ingkang kulo hormati - rencang-rencang
ingkang tergabung wonten panitia haul Mbah
Mursodo, Ketua RW 2 Ngembalrejo, ugi ketua
RT 01, RT 02, RT 03, RT 04, RT 05, RT 06, RT 07
Dukuh Conge

Masyarakat

Ingkang kulo hormati - sedoyo kemawon
ingkang hadir wonten acara akbar haul Mbah
Mursodo wonten ing dalu meniko

Kaping sepindah, monggo kito nglairaken raos
syukur dateng Allah SWT - بِقَوْلِنَا - الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ
الْعَالَمِينَ atas pinten-pinten nikmat - ingkang
sampun dipun anugerahaken Allah ta'ala
dhateng kito sedoyo - arupi nikmat sehat,
nikmat sempat, sehingga kita sedoyo saget
makepal wonten ing tempat meniko sak perlu
mangayubagyo, nderek acara Haul Mbah
Mursodo ingkang kapung 76.

Kaping kalihipun, sholawat saha salam - بِقَوْلَنَا
بِسْمِ اللّٰهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ وَمُؤْلَنَا مُحَمَّدٌ
عَلَيْهِ السَّلَامُ صَلَّى اللّٰهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ mugi tansah
katur dateng junjungan kita Nabi Agung
Muhammad saw. Suri tauladan kita, kekasih kita,
uswah khasanah kita. semoga kelak kita
mendapatkan syafaatnya di yaumil qiyamah.
Aamin ya Rabbal 'alamiin

Saklajengipun, kulo atas nami ketua panitia haul Mbah Mursodo ingkang kaping 76, nglaporaken acaro ingkang sampun lan badhe kelampah. Sepindah nggih meniko acara khotmil Qur'an bil Hifdzi utawi khotmil Qur'an bil ghoib ingkang sapun kalampah dinten ahad tgl 30 Agustus 2023. Mugi waosan ayat Qur'an kolo wau mbarokahi dateng Mbah Mursodo, Mbah Rabiah, arwahipun para leluhur-leluhur kito ingkang sampun wang sul dhateng kersanipun Allah ta'ala, sedoyo masyarakat dukuh conge

Acara kaping kalih nggih meniko, Khotmil Qur'an bin Nadhor ingkang sampun kalaksanaaken kolo sonten 1 Agustus 2023 ingkang sampun dipun waos dening adik-adik warga dukuh conge. Ing pangajab muginya waosan ayat kolowau mbarokahi dateng sedoyo warga dukuh conge.

Acara kaping tigo, nggih meniko tahlil (kintun do'a) dateng leluhur Kito Mbah Mursodo, Mbah Rabiah, soho sedoyo arwah leluhur kito, ingkang sampun sumare. Allahummaj'al qobrohum raudhotun min riyadil jinan (رَوْضَةٌ مِّنْ رِيَاضِ الْجَنَّةِ)

Acara kaping sekawan nggih meniko santunan Yatim piatu, acara ingkang terakhir nggih meniko pengajian Akbar Haul Mbah Mursodo.

Thank

Sak lajengipun atas nami ketua panitia,
ngaturaken pinten-pinten matur suwun
dumateng sedoyo kemawon wabil khusus warga
dukuh Conge ingkang sampun berkontribusi
baik secara materiil ugi non materiil sehingga
Haul Mbah Mursodo saget linampah kanti
sukses. Kulo mboten saget paris piwales. Mugi
Allah ta'ala paris piwales engkang luwes sae.
Lan, Allah ta'ala nggampilaken anggenipun
madosi rizki.

Terakhir, mugi kegiatan Haul Mbah Mursodo kagolongaken dening Allah dados amal birrul walidain. Hikmah hekti marang dhateng leluhur lan tiyang sepah kito sedoyo. saget dados putro-putri ingkang netepi birrul walidain. Utawi dados putra-putri ingkang saget "mikul dhuwur lan mendhen jero" dateng leluhur lan tiyang sepah kito sedoyo. Sepindah malih, mugi kanti wasilah/tawasulan acara haul Mbah Mursudo meniko Allah ta'ala paring keberkahan (tambahipun kesaenan, kasejahteraan, ketentreman) dhateng warga conge sak sekitaripun.